

Pwoteje Timoun yo pou yo pa Nwaye

Neye rive lè ou pi piti espere li.

Nwayad se youn nan kòz prensipal lanmò ki nou kapab evite kay timoun ki gen laj 1–4 lane. Pou diminye risk pou nwayad, sèvi ak plizyè **kouch pwoteksyon** epi mete limit pou aksè san sipèvizyon nan sous dlo tankou pisin, basen cho, kannal, letan, twou, benywa, twalèt ak plis toujou.



Kouch Pwoteksyon yo

Sipèvize

Bon sipèvizyon se prevansyon ki pi efikas la kont nwayad.

- Se pou ou konnen anviwònman ou ak risk ki posib pou timoun ou nwaye lakay ou ak lè w ap vwayaje.
- Asire w ke yon responsab swen ou ka fè konfyans toujou sipèvize jenn timoun yo.
- Afekte Siveyan Dlo epi sèvi ak sipèvizyon kote timoun yo toujou nan distans bra w ak anba je w toutan.
- Piga janm kite yon timoun pou kont li toupre dlo, menm pandan yon segonn.

Sekirite Naje

- Segonn yo enpòtan! Fòmasyon nan CPR sove lavi moun.
- Fòmasyon nan teknik pou siviv nan dlo ak leson pou aprann naje ka ede redui risk pou nwayad pou timoun ki gen laj 1–4 lane.
- Rive nan 4yèm anivèsè nesans yo, pifò timoun yo prè pou leson pou naje. Leson natasyon yo pa yon ranplasman pou sipèvizyon.
- Fè yon plan prevansyon famiyal pou nwayad epi asire w ke tout manm fanmi yo konn naje.

Baryè ak Alam yo

Sèvi ak baryè pou aksè nan dlo.

- Enstale epi antretni kloti pisin 4 pye wotè epi pòtay ak pòt ki fèmen otomatikman.
- Asire epi fèmen tout pòt, fenèt ak pòt bèt kay yo.
- Enstale kariyon pòt oswa alam.
- Tcheke kloti, pòtay ak baryè yo regilyèman pou wè si gen reparasyon ki nesèsè.

Èske ou te Konnen?

- Byenke pifò ensidan nwayad timoun yo rive nan yon pisin, yo pa te prevwa pou prèske 70% nan timoun sa yo nan pisin lan nan moman sa.
- Responsab swen ki distrè se yon faktè prensipal nan ensidan nwayad timoun yo.
- Pifò nwayad yo rive san okenn bri.
- Ensidan nwayad yo kapab evite.

Pou aprann plis, vizite:
WaterSmartFL.com

**Florida
HEALTH**

